

MODÈL FÒM
Avi Alekri Konsènan Itilizasyon
Avantaj oswa Asirans Piblik pou Peye pou Sèten Sèvis Edikasyon
Espesyal ak Sèvis Asosye

Nou adapte fòm sa a dapre modèl Fòm Avi Depatman Edikasyon Etazini¹.

ENTWODIKSYON

Ou resevwa avi alekri sa a pou ba ou enfòmasyon sou dwa ak pwoteksyon ou anba Lwa federal sou Edikasyon Moun ki Andikape (Individuals with Disabilities Education Act (IDEA)), pou ou kapab pran yon desizyon ki baze sou enfòmasyon konsènan si ou ta dwe bay konsantman ou alekri pou kite distri lekòl ou itilize avantaj piblik ou oswa asirans ou oswa avantaj oswa asirans piblik pitit ou pou peye pou sèvis edikasyon espesyal ak sèvis asosye distri lekòl ou gen obligasyon pou bay gratis pou ou ak pou pitit ou anba IDEA.

Distri lekòl ou ka itilize lajan ki nan yon pwogram avantaj oswa asirans piblik (pa egzanp, lajan Medicaid) pou ede peye pou sèvis edikasyon espesyal ak sèvis asosye, men sèlman si ou chwazi pou bay konsantman ou, jan sa eksplike anba la a.

Anvan distri lekòl ou kapab mande ou pou bay konsantman ou pou yo gen aksè nan avantaj oswa asirans piblik pitit ou pou premye fwa, yo dwe ba ou yo avi sa a sou dwa ak pwoteksyon ki disponib pou ou anba IDEA. Avi sa a la pou ede ou konprann dwa ak pwoteksyon sa yo, ak kalite konsantman distri lekòl ou ap mande ou pou bay. Si ou chwazi pou pa bay konsantman ou, oswa si ou deside pita pou anile konsantman ou, distri lekòl ou gen yon responsablite k ap kontinye pou asire pitit ou resevwa tout sèvis edikasyon espesyal obligatwa yo ak sèvis asosye yo anba IDEA gratis pou ou oswa pitit ou.

KONSANTMAN PARAN

34 CFR §300.154(d)(2)(iv)(A)-(B) ak 8 NYCRR §200.5(b)(8)(i)

Apati 3 jiyè 2013, anvan distri lekòl ou kapab itilize avantaj oswa asirans piblik pitit ou pou premye fwa pou peye pou sèvis edikasyon espesyal ak sèvis asosye yo anba IDEA, yo dwe jwenn konsantman ou alekri ki siyen epi ki gen dat ladan. Distri lekòl ou gen obligasyon sèlman pou jwenn konsantman ou alè.

Kondisyon pou konsantman sa a gen de (2) pati.

¹Pou jwenn Modèl Notifikasyon Dwa Paran ki Sijere konsènan Itilizasyon Avantaj oswa Asirans Piblik yo Devlope nan Depatman Edikasyon Etazini, gade:

<http://www2.ed.gov/policy/speced/guid/idea/memosdcltrs/accmmodelwrittennotification-6-11-13.pdf>

1. Konsantman pou divilge dosye konsènan pitit ou: Distri lekòl ou gen obligasyon pou jwenn konsantman ou alekri anvan yo divilge [distribiye] enfòmasyon ki kapab idantifye pitit ou pèsònèlman (tankou non pitit ou, adrès li, nimewo sekirite sosyal li, pwogram edikasyon endividyèl (individualized education program (IEP)) li, ak rezilta evalyasyon li) nan dosye edikasyon pitit ou. Lè distri a mande konsantman ou, y a (1) idantifye dosye (oswa enfòmasyon) sou pitit ou y ap bezwen divilge (pa egzantp, sou sèvis yo ka bay pou pitit ou); (2) fè ou konnen objektif pou divilge dosye yo (pa egzantp, faktirasyon pou sèvis edikasyon espesyal ak sèvis asosye); epi (3) idantifye ajans kote distri lekòl ou ka divilge enfòmasyon yo (pa egzantp, ajans Medicaid).
2. Konsantman pou voye bòdwo ba pwogram asirans piblik ou (pa egzantp, Medicaid): Konsantman ou dwe gen ladan yon deklarasyon ki endike ou rekonèt epi aksepte pou distri lekòl ou ka itilize avantaj oswa asirans piblik pitit ou (pa egzantp, Medicaid) pou peye pou kèk nan sèvis edikasyon espesyal pitit ou.

Si distri lekòl ou gen konsantman ou te bay yo anvan 3 jiyè 2013 nan dosye pou divilge dosye pitit ou epi pou itilize avantaj oswa asirans piblik pitit ou pou peye pou sèvis edikasyon espesyal ak sèvis asosye yo, distri lekòl ou gen obligasyon pou mande ou yon nouvo konsantman sèlman lè gen yon chanjman nan nenpòt nan sa ki anba la yo: kalite sèvis yo dwe bay pitit ou (pa egzantp), terapi fizik oswa òtofooni), kantite sèvis yo dwe bay pou pitit ou (pa egzantp, kantite èdtan pa semèn ki dire ane lekòl la), oswa frè sèvis yo (sa vle di, kantite lajan yo reklame pou pwogram avantaj oswa asirans piblik).

Si gen nenpòt nan chanjman sa yo, distri lekòl ou dwe jwenn yon nouvo konsantman ou alè. Anvan ou bay distri lekòl la nouvo konsantman ou alè, distri lekòl la dwe ba ou avi sa a. Depi ou bay konsantman alè sa a, ou p ap gen obligasyon pou bay distri lekòl la okenn lòt konsantman pou yo kapab gen aksè nan avantaj oswa asirans piblik pitit ou menmsi sèvis pitit ou chanje pidevan. Men, distri lekòl ou dwe kontinye ba ou avi sa a chak ane.

Ou gen dwa pou anile konsantman ou nenpòt kilè. Si ou anile konsantman ou, distri lekòl la dwe toujou bay tout sèvis edikasyon espesyal IEP pitit ou ak sèvis asosye yo gratis pou ou. Pou anile konsantman ou, w ap bezwen soumèt demann ou alekri nan distri lekòl pitit ou.

DISPOZISYON POU SÈVIS GRATIS

34 CFR §300.154(d)(2)(i)-(iii) ak 8 NYCRR §200.5(b)(8)(ii)(b)-(d)

Pwoteksyon “gratis” IDEA konsènan itilizasyon avantaj oswa asirans piblik prezante konsa:

1. Distri lekòl ou pa ka oblije ou pou enskri oswa pou antre nan yon pwogram avantaj oswa asirans piblik pou pitit ou kapab resevwa yon edikasyon piblik apwopriye gratis.
2. Distri lekòl ou pa ka egzije ou pou fè nenpòt depans avèk lajan pòch ou, tankou peman yon kantite lajan franchiz oswa kopeman pou fè yon reklamasyon pou sèvis distri lekòl ou gen obligasyon pou bay pitit ou san frè.
3. Distri lekòl ou pa ka itilize avantaj oswa asirans piblik pitit ou si itilizasyon avantaj oswa asirans lan ta:
 - a. diminye avantaj pwoteksyon asirans avi oswa nenpòt lòt avantaj asire ki disponib, tankou yon diminisyon nan kantite sesyon terapi fizik akseptab plan ou ki disponib pou pitit ou oswa yon diminisyon nan kantite sesyon akseptab plan ou pou sèvis sante mantal;
 - b. lakòz ou peye pou sèvis ki ta garanti nan pwogram avantaj oswa asirans piblik ou paske pitit ou bezwen sèvis yo tou lè pitit ou pa nan lekòl;
 - c. ogmante prim asirans ou oswa lakòz anilasyon avantaj oswa asirans piblik ou; oswa
 - d. lakòz ou riske pèdi kalifikasyon pitit ou pou egzansyon ki baze sou kay ak kominote ki baze sou depans total pou sante ou.

Nou swete enfòmasyon sa yo pral itil ou pou pran yon desizyon reflechi konsènan si pou kite distri lekòl pitit ou itilize avantaj oswa asirans piblik distri lekòl ou pou peye pou sèvis edikasyon espesyal ak sèvis asosye anba IDEA.

Enfòmasyon pou pran kontak: Pou jwenn lòt enfòmasyon ak konsèy sou kondisyon ki anvigè pou itilizasyon avantaj oswa asirans piblik ou peye pou sèvis edikasyon espesyal ak sèvis asosye, ale nan sitwèb:

<http://www2.ed.gov/policy/speced/reg/idea/part-b/part-b-parental-consent.html>.